



# Tan an Antake Kontwòl Sante Piblik

## Seksyon 1.5.3 Kòd Alimantè RI

### Gid pou Sektè a

**Itilize Tan an Antanke Kontwòl Sante piblik Manje ki Cho ak/oswa ki Frèt**

**Si w suiv pwosedi alekri Sant pou Pwoteksyon Alimantè Depatman Sante Rhode Island lan apwouve yo, etablisman w lan ka gen kontwòl tanperati nan tan an pou asire sekirite manje (ki ka prezante yon danje) yo san okenn kontwòl tanperati, depi li ranpli kèk kondisyon.**

**Ou ka konsève manje a pandan yon maksimòm katrèdtan, men si manje a pa t janm > 70 degre farennay, ou ka konsève l pandan sizèdtan.**

#### **Kondisyon**

- Manje a dwe kuit kòm sadwa ak/oswa rafredi anvan ou itilize tan an antanke kontwòl sante piblik.
- Manje ki cho a dwe omwen nan 135 degre farennay epi manje ki frèt la dwe nan 41 degre farennay oswa mwens lè ou retire l anba kontwòl tanperati a.
- Manje a gen yon etikèt sou li oswa yo idantifye li yon fason ki bay lè ou dwe jete l.
- Manje a konsève pou yon maksimòm 4 èdtan oswa 6 èdtan sèlman si li pa t janm > 70 degre farennay. Si manje a konsève pou 6 èdtan,  $\sqrt{\quad}$  tanperati a regilyèman epi jete l si l > 70 degre farennay.
- Si w jete manje a, ou dwe note sa.
- Manje yo pa vann pou konsomasyon nan etablisman an (manje kliyan yo ale avè l) dwe gen etikèt sa a:  
“Pwodui a dwe refrijere si w pa konsome l tousuit apre ou fin achte l.”
- Ou dwe kenbe dosye oswa rejis yo pandan 90 jou pou manje ou konsève kote ou itilize tan an antanke kontwòl sante piblik. Si w konsève manje a san kontwòl tanperati pou 6 èdtan, ou dwe gen yon dosye siveyans tanperati ki montre manje a pa t janm depase 70 degre farennay. Dokiman sa yo dwe disponib si yo ta mande w yo pandan yon enspeksyon. Nou mete yon egzanz pou dosye ansanm ak dokiman sa a.

**REMAK: Yon etablisman ki sèvi yon popilasyon ki vilnerab anpil, pa egzanz pou yon etablisman swen sante pa gen otorizasyon pou li itilize tan an antanke kontwòl sante piblik.**

